

BAB I

BUBUKA

Dina ieu bab, dipedar ngeunaan (1) kasang tukang masalah, (1) idéntifikasi jeung rumusan masalah, (3) tujuan panalungtikan, (4) mangpaat panalungtikan, jeung (5) raraga tulisan.

1.1 Kasang Tukang Masalah

Pangajaran dongéng mangrupa salah sahiji matéri ajar basa Sunda nu diajarkeun di sakola. Dina Kurikulum Merdeka Mulok Bahasa Sunda Fase D, aya opat élemén anu kudu dicangking ku siswa, salah sahijina nyaéta élemén nyarita anu miboga Capaian Pembelajaran saperti ieu:

Peserta didik mampu menyampaikan informasi atau pesan (perasan, gagasan, pikiran, dan kehendak) secara lisan dengan memilih dan menggunakan kosakata yang khas atau idiom bahasa Sunda dalam bentuk monolog dan dialog sesuai tatakrama Sunda untuk tujuan tertentu sesuai kaidah bahasa dan norma budaya Sunda. Peserta didik mampu bercakap-cakap atau berdiskusi dalam bahasa Sunda tentang berbagai topik secara aktif, partisipatif, efektif, dan kreatif, sesuai kaidah bahasa dan norma budaya Sunda. (Disdik Jabar, 2022, kc. 34)

Dumasar kana CP élemén nyarita di luhur, tujuan pangajaran dongéng téh nyaéta sangkan siswa bisa nyaritakeun deui dongéng atawa ngadongéng kalawan merhatikeun aspék lafal, lentong, jeung éksprési nu merenah. Saupama éta aspék-aspék téh can kacangking ku siswa, hartina pangajaran ngadongéng masih can nyugemakeun.

Dongéng mangrupa wangun prosa heubeul anu sumebar sacara lisan (Isnendes, 2010, kc. 25), anapon ngadongéng mangrupa kagiatan midangkeun carita (dongéng). Ngadongéng mangrupa kagiatan nu ngandelkeun kaparigelan nyarita. Ku kituna, ngadongéng kaasup kana kagiatan nyarita. Nurutkeun Nurgiantoro (dina Haerudin & Suherman, 2019, kc. 83), nyarita nyaéta aktivitas ngagunakeun basa anu dilakukeun ku manusa sanggeusna aktivitas ngaregepkeun. Jolly (dina Muammar spk., 2018, kc. 28) nétélakeun yén nyarita mangrupa prosés komunikasi, nyaéta prosés ngarobah wujud pikiran atawa eusi haté jadi wujud

omongan atawa sora basa nu miboga ma'na, nu ditepikeun ka jalma lian. Jadi tujuan nyarita nyaéta nepikeun eusi pikiran atawa eusi haté ka jalma lian.

Nalika jalma nyarita, pasti ngagunakeun lafal, lentong, sarta éksprési dina nepikeun pesenna ka jalma lian. Lafal mangrupa cara hiji jalma atawa sakelompok jalma dina waktu ngedalkeun omongan. Lentong mangrupa lagu kalimah atawa luhur handapna sora dina waktu ngedalkeun omongan, sarta éksprési nyaéta paroman nu ditunjukkeun nalika nyarita. Éta tilu aspék téh kudu dicangking ku siswa dina pangajaran ngadongéng.

Obsérvasi dilakukeun ka SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajar 2022/2023. Tétéla kamampuh nyarita siswa dina pangajaran basa Sunda masih kurang, lantaran dina kahirupan sapopoéna siswa jarang ngagunakeun basa Sunda. Anapon sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII-B, lantaran kamampuh ngadongéng siswa masih can nyugemakeun. Éta hal katitén nalika ngadongéng, masih loba siswa nu can mampuh ngagunakeun lafal, lentong, jeung éksprési kalawan hadé. Lian ti éta, ku sabab kamampuh nyarita siswa béda-béda, ku kituna modél pangajaran ogé mangaruhan kana hasil diajar siswa. Ku sabab kitu, diperlukeun ayana modél pangajaran nu bisa ngarojong kana prosés latihan ngadongéng siswa di kelas, sangkan siswa bisa ngawasa kana aspék-aspék ngadongéng.

Dumasar kana éta pasualan, tarékah anu bisa dilakukeun ku guru nya éta milih modél pangajaran anu luyu jeung pangabutuh di kelas. Modél pangajaran mangrupa rarancang konséptual nu dijadikeun padoman dina ngalaksanakeun prosés pangajaran (Joyce & Weil, dina Nurdyansyah & Fahyuni, 2016, kc. 2). Nurutkeun Isjoni (2010, kc. 35), salah sahiji modél pangajaran anu ngarojong siswa dina ngamekarkeun pangaweruh, kamampuh, jeung kaparigelanana dina suasana diajar nu terbuka jeung démokratis nya éta modél pangajaran kooperatif. Lantaran dina ieu modél siswa miboga peran salaku tutor pikeun babaturanana. Kitu deui nurutkeun Sharan (dina Isjoni, 2010, kc. 35), yén siswa nu diajar ngagunakeun modél pangajaran kooperatif miboga motivasi nu leuwih gedé, lantaran dirojong ku babaturan kelasna.

Salah sahiji modél pangajaran kooperatif anu ngarojong kana pangajaran nyarita nya éta modél *Paired Storytelling*. Alesan milih ieu modél lantaran can

dilarapkeun dina pangajaran dongéng, sarta can aya panalungtikan nu nguji ieu modél dina pangajaran basa Sunda. Lian ti éta nurutkeun Lie (2014, kc. 71), dina ieu modél siswa dibéré kasempetan pikeun ngaronjatkeun kréativitas, ngolah informasi anu geus ditarimana jadi hiji carita, tur ngaronjatkeun kamampuh komunikasina.

Tiori anu digunakeun nya éta tiori Lie (2014, kc. 71) anu nétélakeun yén modél *Paired Storytelling* téh dimekarkeun salaku pamarekan interaktif antara siswa, guru jeung matéri pangajaran. Modél *Paired Storytelling* miboga sababaraha kaonjoyan, di antarana ngaronjatkeun partisipasi siswa, cocog pikeun pancén nu basajan, siswa bisa silih tukeur informasi jeung anggota kelompokna, sarta interaksi siswa jadi leuwih babari. Sacara émpiris, modél *Paired Storytelling* geus sababaraha kali diuji ku panalungtik saméméhna dina pangajaran basa, utamana pangajaran nyarita, tur hasilna nyugemakeun.

Sawatara panalungtikan saméméhna nu nguji modél *Paired Storytelling* di antarana, anu kahiji nya éta panalungtikan Saleh (2017) anu judulna *Efektivitas Model Pembelajaran Tipe Paired Storytelling dalam Keterampilan Berbicara Bahasa Jerman Siswa Kelas XI SMAN 11 Makassar*. Hasilna nétélakeun yén modél *Paired Storytelling* téh éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa dina pangajaran paguneman Basa Jerman. Dina ieu modél, siswa bisa matalikeun kasang tukang pangalamanana jeung materi pangajaran, sahingga matéri jadi leuwih ngirut.

Anu kadua panalungtikan Fauziah (2021) anu judulna *Peningkatan Kualitas Proses Pembelajaran dan Keterampilan Bercerita Melalui Metode Paired Storytelling pada Siswa Kelas IX E MTs Negeri 2 Sragen Tahun Pelajaran 2018/2019*. Hasil tina panalungtikanana nétélakeun yén modél *Paired Storytelling* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita *cerpen* siswa kelas IX MTs dina pangajaran Basa Indonesia, sarta panalungtik ogé nyarankeun pikeun nguji ieu modél kana matéri séjén anu patali jeung kamampuh nyarita.

Anu katilu panalungtikan Brada spk. (2022) anu judulna *Penerapan Model Pembelajaran Paired Storytelling untuk Meningkatkan Keterampilan Berbicara Siswa Sekolah Dasar*. Hasil tina ieu panalungtikan téh nyindekkeun yén pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa SD, bisa dilakukeun ku cara ngagunakeun modél *Paired Storytelling*. Éta hal katitén tina parobahan niléy rata-rata kamampuh

nyarita siswa anu ngarojat. Larapna modél pangajaran anu méré lolongkrang ka siswa pikeun aktif tur interaktif, ngajadikeun suasana diajar jadi leuwih ngirut jeung pikaresepeun. Antukna kamampuh nyarita siswa jadi kaasah nepi ka ngaronjat.

Panalungtikan-panalungtikan di luhur ngébréhkeun éféktifna modél kooperatif *Paired Storytelling* dina ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa boh SD, boh SMP, boh SMA. Sedengkeun, dina panalungtikan Purbiyanti, spk. (2017), anu ngabandingkeun éféktivitas modél *Role Playing* jeung modél *Paired Storytelling* kana aktivitas jeung hasil diajar maca pamahaman siswa SD, hasilna nyindekkeun yén modél *Role Playing* leuwih éféktif pikeun ngaronjatkeun aktivitas jeung hasil diajar siswa tibatan modél *Paired Storytelling*. Hartina modél *Paired Storytelling* kurang éféktif pikeun ngaronjatkeun hasil diajar maca pamahaman siswa. Katitén éta panalungtikan téh dilakukeun dina pangajaran maca pamahaman, sedengkeun dina panalungtikan saméméhna ngébréhkeun yén modél *Paired Storytelling* téh cocog dilarapkeun dina pangajaran nyarita.

Dumasar pedaran di luhur, panalungtik kataji pikeun nguji modél *Paired Storytelling* dina pangajaran ngadongéng siswa SMP, lantaran kaasup kana pangajaran nyarita. Bédana, panalungtikan-panalungtikan saméméhna mah nguji éféktivitas modél *Paired Storytelling* dina pangajaran nyarita dina basa Jerman jeung basa Indonesia, sedengkeun ieu panalungtikan mah dina pangajaran nyarita basa Sunda.

Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Modél *Paired Storytelling* dina Pangajaran Dongéng (Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung Taun Ajar 2022/2023)” kudu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar pedaran kasang tukang di luhur, aya sawatara hal anu bisa diidéntifikasi pikeun ditalungtik, nya éta:

- 1) masih kurangna kamampuh ngadongéng siswa utamana dina aspék lafal, lentong, sarta ékspresi; sarta
- 2) modél *Paired Storytelling* can dilarapkeun dina pangajaran dongéng.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung tahun ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél *Paired Storytelling*?
- 2) Kumaha kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung tahun ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung tahun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah di luhur, tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji éféktif atawa henteuna modél *Paired Storytelling* dina pangajaran ngadongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajaran 2022/2023.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung tahun ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun modél *Paired Storytelling*;
- 2) kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung tahun ajar 2022/2023 sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling*; sarta
- 3) béda anu signifikan antara kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung tahun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban tiori pangajaran basa Sunda, sarta nambahan pangaweruh ngeunaan modél pangajaran basa Sunda hususna pangajaran ngadongéng.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun sababaraha pihak, di antarana saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun siswa, bisa numuwuhkeun sumanget diajar, sarta ngaronjatkeun kamampuh ngadongéng siswa.
- 2) Pikeun guru, nambahan pangaweruh ngeunaan modél pangajaran nu cocog pikeun ngahontal tujuan pangajaran anu éféktif.
- 3) Pikeun panalungtik, jadi mikanyaho éféktivitas modél *Paired Storytelling*, jeung béda signifikan antara kamampuh ngadongéng siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling*.
- 4) Pikeun panalungtik satuluyna, bisa jadi sumber acuan, tur nambahan informasi anyar dina panalungtikan anu sajenis.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan disusun jadi lima bab, nya éta Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV, jeung Bab V.

Bab I Bubuka, anu medar ngeunaan gurat badag pasualan anu rék ditalungtik, eusina nya éta kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan pustaka, panalungtikan saméméhna, raraga mikir jeung hipotésis.

Bab III Métoeu panalungtikan, eusina nya éta désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data.

Bab IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina ngeunaan data jeung hasil analisis data nu patali jeung rumusan masalah jeung tujuan panalungtikan, sarta pedaran hasil analisis.

Bab V Kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi.